

Satuan Pendidikan	:SMP Negeri 2 Kalipucang	Materi Pokok	: Idiom Basa Sunda
Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda	Jumlah Soal	: 15
Kelas/Semester	: IX/1	Bentuk Soal	: Pilihan Ganda dan Menjodohkan

Wasta :

Kelas :

A. Pilih jawaban nu pangbenerna!

1. Ieu di handap aya conto babasan, pék taliti kaasup kana wincikan naon conto babasan téh?

Abang-abang lambe = alus omongan wungkul, keur ngeunahkeun hate batur

Ambon sorangan = bogoh sosorangan tapi teu dilayanan

Amis daging = babarian céda, gampang gering mun saperti raheut sok tuluy jadi borok

- alam
- sasatoan
- tutuwuhan
- kaayaan awak sakujur

Titenan ieu paribasa di handap pikeun ngajawab soal 2!

- Kudu nepi méméh indit
 - Élmu tungtut dunya siar,sukan – sukan sakadarna,
 - Ulah koméok saméméh dipacok
 - Ari diarah supana, kudu dijaga catangna
 - Kudu bisa ngeureut neundeun
 - Pagiri-giri calik, pagirang-girang tampian
 - Ari diarah supana, kudu dijaga catangna
 - Ulah cara ka kembang malati kudu cara ka picung
 - Ulah nyeungeurikan upih ragrag
- Paribasa nu kaasup pangjurung laku hadé dituduhkeun ku nomer ...
 - 1-3-5-7
 - 3-6-8-9
 - 1-2-5-7
 - 1-2-3-4

Titenan ieu paribasa di handap pikeun ngajawab soal 3!

- 1) Kudu nepi méméh indit
 - 2) Élmü tungtut dunya siar,sukan – sukan sakadarna,
 - 3) Ulah koméok saméméh dipacok
 - 4) Ari diarah supana, kudu dijaga catangna
 - 5) Kudu bisa ngeureut neundeun
 - 6) Pagiri-giri calik, pagirang-girang tampian
 - 7) Ari diarah supana, kudu dijaga catangna
 - 8) Ulah cara ka kembang malati kudu cara ka picung
 - 9) Ulah nyeungceurikan upih ragrag
3. Paribasa nu kaasup panyaram lampah salah dituduhkeun ku nomer ...
- a. 1-3-5-7
 - b. 3-6-8-9
 - c. 1-2-5-7
 - d. 1-2-3-4
4. Paribasa anu eusina ngébréhkeun pangalaman (luang) nu geus lumbrah di masarakat urang, sarta mangrupa bahan babandingan pikeun laku lampah urang. Contona: anu burung diangklungan, anu gélo didogdogan, anu édan dikendangan = anu gedebul dihaminan, ngarah tambah maceuh.
- Paribasa anu dimaksud ditilik tina eusina kassup kana paribasa...
- a. wawaran luang
 - b. paribasa paréntah
 - c. pangjurung lampah hadé
 - d. panyaram lampah salah
5. Babasan lahir dumasar kana pangalaman manusa. Bédana jeung paribasa, babasan mah winangun frasa atawa kecap kantétan anu susunana geus matok sarta ngandung harti injeuman.
- Dumasar kana éta wangenan, mana nu kaasup kana babasan nu nuduhkeun awak sakujur?
- a. Hampang birit
 - b. Kolot sapeuting
 - c. Pareumeun obor
 - d. Kajeun panas tonggong asal tiis beuteung

B. Pék téangan pasangan nu pang benerna tina babasan ieu di handap!

Kalimah		Hartina
1. Gedé hulu 		A. Jalma anu sok puak paok atawa cukat cokot
2. Buntut kasiran 		B. Sombong
3. Panjang leungeun 		C. Babari ceurik
4. Ipis biwir 		D. Korét

C. Pék téangan pasangan nu pang benerna tina paribasa ieu di handap!

Kalimah	Hartina		Paribasa
1. Ulah koméok saméméh dipacok	ulah waka ngomong teu sanggup atauwa teu bisa saméméh dicobaan		Panyaram Lampah Salah
2. Uyah mah tara téés ka luhur	sipat atawa tabiat budak tara béda jauh jeung kolotna		Pangjurung Lampah Hadé
3. Kudu ka cai jadi saleuwi, kadarat jadi salogak	sauyunan silih pihapekeun		Wawaran Luang

Kalimah		Hartina
1. Cikaracak ninggang batu, laun-laun jadi legok		ulah resep nyaritakeun kagoréngan atawa rusiah jalma lian
2. Ulah biwir nyiru rombéngeun		sagoréng-goréngna dulur sorangan, moal téga nganteupkeun mun menang papait
3. Buruk-buruk papan jati		upama dilakukeunna bari junun sagala rupa nu hésé ogé bakal bisa